{«DateLetterGenerated»}

{«PropertyOwnerName»}
{«MailAddress»}
{«MailCity», «MailState» «MailZip»}

Chè {«PropertyOwnerName»}:

Lèt sa a se pou fè w konnen nan dat ki te {«LHCOdate»}, yo te bay yon Òdonans pou Kontwole Danje ki lye ak Plon nan pwopriyete ki lokalize li nan {«PropertyAddress»}. Nan dat {«NONCOVdate»}, yo te bay yon avi Non-konfòmite ak yon òdonans pou kite pwopriyete a. Yo voye òdonans ak avi a ba ou paske non sa a te ekri nan dosye pwopriyete konte {«CountyName»} kòm mèt pwopriyete a. Depatman Sante Ohio a dènyèman te resevwa enfòmasyon ki endike ou te kenbe tit legal sou pwopriyete a gras ak yon konfiskasyon oswa yon transfè. Seksyon 3742.38 Kòd revize a di mèt pwopriyete a dwe kolabore ak Direktè Sante a oswa Konsèy Sante a pou kontwole chak danje ki lye ak plon ki presize nan òdonans lan. Antanke pwopriyetè aktyèl la, ou responsab pou w respekte òdonans lan; Se poutèt sa, yo voye ba ou kopi Òdonans pou Kontwòl Danje ki lye ak Plon ak Evalyasyon Risk Plon pou Sante Piblik sa a. **Atravè òdonans sa a ou resevwa lòd pou kontwole danje ki lye ak plon yo nan espas katrevendis (90) jou aprè ou fin resevwa lòd sa a.**

Ou oblije chwazi metòd kontwòl la nan opsyon posib ki mansyone nan lis ki anekse a ki rele ***"Kontwòl Danje ki lye ak Plon–Chwazi Metòd."*** **Ou dwe voye fòmilè a tounen anvan yo kòmanse travay kontwòl danje ki lye ak plon an bay {«HDRepresentative»} atravè faks oswa imèl bay {«HDphone»} oswa {«HDemail»}.**

Antanke pwopriyetè a, ou dwe pran mezi pou kontwole danje ki lye ak plon yo ki mansyone nan òdonans sa a daprè Chapit 3742. Kòd Revize a ak Chapit 3701-30 ak 3701-32 Kòd Administratif Ohio a. Daprè règ 3701-32-03(A)(14) Kòd Administratif Ohio a, se yon moun ki kalifye nan Ohio antanke yon pwofesyonèl rediksyon plon ki dwe fè travay kontwòl danje ki lye ak plon an.

Lè yo fin fè travay kontwòl danje ki lye ak plon an, yo dwe fè yon egzamen abilitasyon. Se yon evalyatè risk ki lye ak plon oswa yon enspektè kalifye nan Ohio ki dwe fè egzamen abilitasyon an. Si yo itilize kontwòl pwovizwa (tanporè) a pou kontwole danje yo, ou dwe soumèt yon "Plan Siveyans ak Antretyen Pèmanan (Ongoing Monitoring and Maintenance (OMM))". Ou dwe voye yon kopi rapò egzamen abilitasyon an ak plan OMM nan, si sa aplikab, bay {«HDRepresentative»} atravè faks oswa imèl nan nimewo faks oswa adrès imèl ki mansyone anwo a.

Lè yo detèmine yo kontwole danje plon yo ase, Depatman Sante Ohio a ap etabli epi voye ba ou yon "Avi Konfòmite" pou retire òdonans pou kontwole danje plon yo. Toutotan sa poko fèt, pwopriyete a rete soumèt anba òdonans kontwòl sa a.

Pa respekte òdonans sa ka lakoz yon entèdiksyon pou itilize byen an antanke yon inite rezidansyèl, yon gadri oswa yon lekòl ak afichaj yon pankad sou byen an pou avèti piblik la se yon danje pou moun rete nan pwopriyete a.

Si ou gen nenpot kesyon konsènan òdonans sa a, tanpri rele {«HDRepresentative»} nan {«HDphone»}.

Sensèman,

{«HDRepresentativeName»}
{«HDRepresentativeTitle»}
{«HDName»}